



# Fòmilè Depo pou Manda Postal

Pou peman restitasyon ak dapre lòd tribinal

## Sa ou dwe konnen anvan ou voye yon peman.

There is no fee for sending money via money order, cashier's check, or certified bank draft.

Ou dwe ekri yon repons nan tout espas yo kite pou sa nan fòmilè depo ou resewva la, avèk repons yo byen lizib, pou pa gen reta nan okipe fè peman an. Pa voye kach, ni chèk ki soti nan yon biznis oswa nan men yon patwon konpayi, ni nan sèvis ki peye bòdwo anliy. Pa voye okenn lèt ni okenn nòt avèk peman ou, paske yo pral jete yo. Gade si non ak nimewo DC moun ki responsab move zak la byen ekri sou manda postal, chèk labank, oswa manda labank sètifye a, ak zou fòmilè depo a.

Nou ka pa aksepte peman ou voye a si (1) ou pa mete non, nimewo telefòn, adrès elektwonnik, ak adrès postal ou, oswa (2) si valè peman an depase limit ki otorize pou kalite peman sa a. Si nou pa aksepte peman ou voye a, n ap retounen lajan an nan adrès ou bay nan fòmilè depo a. Ou kapab fè yon peman tou nan yon aplikasyon mobil, oswa yon sit entènèt, oswa nan nimewo telefòn gratis la.

Ou ka jwenn deklarasyon sou konfidansyalite ki esplike kouman yo pran ak sèvi avèk enfòmasyon ou pandan w ap sèvi avèk sèvis CorrectPay yo nan adrès <https://tylertech.com/privacy>. Ale nan adrès <https://correctpay.com> pou wè Akò CorrectPay pou Itilizatè Final la (CorrectPay End User Agreement). Pou kesyon oswa pwoblèm avèk fòmilè depo sa a, ou met rele nimewo (855) 836-3364. Pou kesyon oswa pwoblèm anrapò avèk transfè lajan yo fè avèk NIC Services, LLC (Sèvis Peman NIC nan Hawaii, New Jersey, ak Wisconsin) dba Tyler Payments Services, ki se yon afilye VendEngine, Inc., rele nimewo (888) 853-0663, oswa ale nan adrès [tylertech.com/cpi](https://tylertech.com/cpi). Pou plis enfòmasyon sou lisans pou transfè lajan, ak notifikasyon pou kliyan, ale nan adrès [tylertech.com/mtd](https://tylertech.com/mtd).

Nou pa responsab pou manda postal, chèk labank, oswa manda labank sètifye ki pèdi nan lapòs oubyen nenpòt jan pandan transfè, oubyen ki pa rive nan men moun ki te dwe resewva yo, pou rezon ki pa sou kontwòl nou. Si depo ou a retounen, oswa refize, oswa manke lajan, ou dakò pou nou rezève dwa evalye yon tarif, ak chèche touche lajan an, ak limite depo nan lavni, ak/oswa chèche lòt reparasyon ki posib.

\*Nou pa pral travay sou depo yo pandan jou fèt oswa nan wikenn. Tan livrezon an ap depann sou verifikasyon sou moun ki fè depo a.

## KOUMAN POU VOYE YON MANDA POSTAL, YON CHÈK LABANK, OSWA YON MANDA LABANK SÈTIFYE

1

### Ekri enfòmasyon yo mande nan Fòmilè Depo

pou Manda Postal ki anba la a avèk lank ble oubyen nwa, oswa tape enfòmasyon yo. Fòmilè depo sa a ka sèvi pou peman avèk manda postal, oswa chèk labank, oswa manda labank sètifye.

2

### Ekri manda postal la, oswa chèk labank lan, oswa manda labank sètifye a sou non CorrectPay.

Ou dwe mete non konplè moun ki responsab move zak la (prenon, non fanmi, ak inisyal nan mitan) ak DC ID sou liy "memo" oswa "Sèvi pou" a. Nou konseye ou sèvi avèk manda postal U.S. Postal Service® yo.

3

### Mete manda postal, chèk labank, oswa manda labank sètifye a, ansanm ak fòmilè depo a nan yon anvlòp.

4

### Voye nan lapòs nan adrès sa a:

FL Court Ordered Payment  
PO Box 25009  
Bradenton FL 34206-5009

## Fòmilè Depo pou Manda Postal

### Pou peman restitasyon ak dapre lòd tribinal

REPONN NAN TOUT KOTE YO MANDE ENFÒMASYON YO

Voye nan lapòs nan adrès sa a: FL Court Ordered Payment PO Box 25009 Bradenton FL 34206-5009

Valè Peman an

Nimewo DC responsab move zak la

Eta kote responsab move zak la ye

Dat Jodi a (Jou/Mwa/Lane)

Dat Nesans ou (Jou/Mwa/Lane)

Maksimòm \$999.99 pou manda postal, ak \$10,000 pou chèk labank oswa manda labank sètifye

Nimewo Manda postal, Chèk labank, oswa Manda labank sètifye

Non konplè Responsab move zak la (Non fanmi, Prenon)

Adrès elektwonnik ou\* (Fakultatif - Moun k ap voye Peman an)

Nimewo telefòn ou (Moun k ap voye Peman an)

Prenon ou (Moun k ap voye Peman an)

Inisyal nan mitan ou

Non fanmi ou (Moun k ap voye Peman an)

Adrès ou (Moun k ap voye Peman an)

Vil kote ou rete (Moun k ap voye Peman an)

Eta kote ou rete

Kòd postal ou